

# **Gid Lojman San Patipri pou Moun ki gen Twoub Sante Mantal, Andikap Entèlektyèl oswa Andikap nan Developman yo**



**Vizite [www.hud.gov/fairhousing](http://www.hud.gov/fairhousing)  
oswa rele Liy Dirèk Nasyonal pou  
Diskriminasyon an nan 1-800-669-9777  
oswa 1-800-877-8339 (Relè Federal)**



## Kisa diskriminasyon nan lojman ye?

Lwa sou Lojman san Patipri an, Lwa Anfavè Ameriken Andikape yo ak Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon an pwoteje moun ki gen andikap kont diskriminasyon nan zafè lojman, sa gen ladan I moun ki gen twoub sante mantal, andikap entèlektyèl oswa andikap nan devlopman. Egzanp diskriminasyon nan zafè lojman gen ladan yo:

- ◆ Refize lwe ou lojman paske ou gen yon andikap
- ◆ Mande si ou gen yon andikap oswa poze kesyon sou nati andikap ou an pandan pwoesisis aplikasyon an, sòf si founisè lojman an mande tout kandida yo si yo gen yon andikap pou detèmine si yo kalifye pou lojman ki disponib sèlman pou moun ki gen andikap
- ◆ Refize bay enfòmasyon oswa montre lojman ki disponib pou ou oswa pou yon moun w ap viv ak li akòz yon andikap
- ◆ Refize bay aranjman rezonab oswa pèmèt modifikasyon rezonab ki gendwa nesesè pou ou oswa pou yon moun w ap viv avèk li ki gen yon andikap kapab gen yon posiblite egalego pou itilize ak jwi lojman an
- ◆ Mete restriksyon pou anpeche ou viv nan sèten inite oswa seksyon lojman nan yon konplèks lojman akòz yon andikap
- ◆ Mete kondisyon jeneral diferan pou lokasyon lojman ki disponib, pa egzanp fè peye yon pi gwo lwaye oswa depo sekirite akòz yon andikap
- ◆ Mete kondisyon jeneral diferan pou lojman paske ou te rete nan yon etablisman enstitisyonèl, pa egzanp egzije plis dokiman oswa sibi yon pwoesisis apwobasyon seleksyon anplis
- ◆ Enpoze kritè seleksyon ki pi estrik akòz yon andikap
- ◆ Degèpi ou oswa degèpi yon moun w ap viv ak li akòz yon andikap
- ◆ Asele ou oswa asele yon moun w ap viv ak li akòz yon andikap
- ◆ Poze kesyon sou tretman oswa medikaman
- ◆ Egzije pou ou aksepte yon plas vid nan yon devlopman lojman kote se sèlman oswa se sitou moun ki gen menm andikap yo oswa andikap menm jan ki okipe lojman an pou ou resevwa èd pou lojman

## Ki egzanp twoub sante mantal, entèlektyèl, ak andikap nan devlopman ki pwoteje?

Andikap pwoteje yo gen ladan yo (men se pa sa sèlman) pwoblèm sante mantal, sikolojik, entèlektyèl, ak pwoblèm nan devlopman, tankou sendwòm sèvo òganik, depresyon, kè sote, twoub bipolè, twoub estrès aprè chòk (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD), andikap byen presi nan aprantisaj, otis, Sendwòm Down, blesi twomatik nan sèvo, alkolis, ak depandans ak dwòg (ki pa depandans akòz itilizasyon aktyèl dwòg ilegal).

## Kisa Aranjman ak Modifikasyon Rezonab ye?

Aranjman oswa modifikasyon rezonab se chanjman nan règ, règleman, pratik, sèvis, oswa estrikti fizik nan yon lojman ki gendwa nesesè pou pèmèt yon moun ki gen yon andikap gen yon chans egalego pou itilize ak jwi yon lojman. Nan lojman ki gen finansman HUD, chanjman estrikti nan yon inite oswa nan zòn piblik oswa zòn itilizasyon komen konsidere kòm aranjman rezonab founisè lojman an dwe bay. Kèk egzant demann aranjman ak modifikasyon rezonab ka gen ladan yo:

- ◆ Mande pou ou gen yon bêt ki pou ede ou lè gen an plas yon politik "entèdiksyon bêt domestik"
- ◆ Mande èd pou ranpli yon aplikasyon oswa lòt dokiman
- ◆ Mande pou yon founisè lojman otorize yon èd ki dòmi leve oswa lòt sèvis soutyen
- ◆ Mande pou yon founisè lojman pwolonje yon peryòd aplikasyon limite oswa pèmèt pwosedi aplikasyon ki ka adapte
- ◆ Mande pou chanje dat delè pou lwaye jiskaske ou resevwa chèk sekirite sosyal pou andikap ou an oswa yon peman pou andikap sou peryòd ki kout oswa ki long
- ◆ Mande chanjman fizik nan yon lojman oswa yon zòn komenl ki anrapò ak mobilite oswa bezwen sansoryèl
- ◆ Mande pou rete sou yon lis datant apre ou pa bay repons pou demann yo nan delè ki prevwa a akòz yon rezon ki anrapò ak andikap ou
- ◆ Mande tan anplis pou vin abite nan yon inite lè ou rive nan tèt yon lis datant men ou pa kapab vin abite akòz yon rezon ki anrapò ak andikap ou, pa egzant akòz tretman oswa ou entène lopital
- ◆ Bay referans diferan, pa egzant referans yon travayè sosyal, lè ou ka gen antedesan lokasyon oswa antedesan travay resan ki limite oswa ki pa egziste akòz yon ospitalizasyon

Ou dwe gen yon bezwen ki anrapò ak yon andikap pou aranjman oswa modifikasyon ou mande a. Yon founisè lojman ka mande enfòmasyon anplis ki limite sèlman si andikap ou an oswa bezwen ou an pou aranjman oswa modifikasyon an pa evidan pou founisè a oswa li pa konnen yo. Yon founisè lojman dwe diskite sou demann ou an avèk ou anvan li refize demann lan.

## Kilè yon moun dwe mande yon aranjman oswa yon modifikasyon?

Nenpòt lè ou bezwen yon chanjman nan yon règ, règleman, pratik, sèvis, oswa estrikti fizik nan lojman an pou jwi lojman ou an nèt oswa pou patisipe nan yon pwogram oswa aktivite HUD finanse. Ou dwe esplike ki kalite aranjman oswa modifikasyon w ap mande. Si bezwen pou demann lan evidan oswa founisè lojman ou an deja konnen li, ou pa bezwen bay okenn lòt enfòmasyon. Si bezwen pou demann lan pa evidan oswa founisè ou an pa konnen li, lè sa ou ka gen pou esplike relasyon ki genyen ant aranjman oswa modifikasyon ou mande a ak andikap ou an. Yo pa kapab oblige ou bay enfòmasyon medikal detaye.

Yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon avoka ka fè demann lan pou ou tou. Ou pa oblige fè demann lan nan yon fason anpatikilye oswa nan yon moman anpatikilye, men sa itil òdinèman si ou fè demann lan alekri. Ou ta dwe mande si founisè lojman an gen yon fason prefere pou soumèt yon demann. Sepandan, founisè lojman yo dwe konsidere demann pou aranjman oswa modifikasyon rezonab ou an menm si ou pa itilize fòm oswa pwosedi prefere yo an.

# Gid Lojman San Patipri pou Moun ki gen Twoub Sante Mantal, Andikap Entèlektyèl oswa Andikap nan Developman yo



**Èske ou te viktim diskriminasyon nan zafè lojman? Ou ka depoze yon plent nan HUD oswa nan sant pou lojman san patipri zòn ou an.**

Vizite [www.hud.gov/fairhousing/fileacomplaint](http://www.hud.gov/fairhousing/fileacomplaint) oswa rele Liy Dirèk Nasyonal HUD a pou Diskriminasyon

**1-800-669-9777 (Anglè/Panyòl) oswa 1-800-877-8339 (Relè Federal)**

**Li ilegal pou yon founisè lojman pran mezi kont ou poutèt ou te depoze yon plent nan zafè lojman san patipri.**

**Pou aprann plis, vizite [www.hud.gov/fairhousing](http://www.hud.gov/fairhousing) oswa kontakte [biwo lokal HUD](#) ou an, òganizasyon Eta a oswa òganizasyon pou lojman san patipri zòn ou an. Tanpri vizite lyen ki annapre la yo tou pou aprann plis sou:**

- ◆ [Dwa Moun ki gen Andikap yo Dapre Lwa sou Lojman San Patipri yo](#)
- ◆ [Kesyon Yo Poze Souvan yo sou Seksyon 504 lan](#)
- ◆ [Aranjman Rezonab yo dapre Lwa sou Lojman san Patipri an](#)
- ◆ [Modifikasyon Rezonab yo dapre Lwa sou Lojman san Patipri an](#)
- ◆ [Evalyasyon Demann yon Moun pou li Gen yon Bèt kòm yon Aranjman Rezonab Dapre Lwa sou Lojman san Patipri an](#)
- ◆ [Deklarasyon HUD sou Wòl Lojman nan Akonplisman Objektif Olmstead yo](#)